



August /Myandagaro2021

kirundi

Uzoronka itunga ridashira mw'ijuru.

(Mariko 10,21)

Kontakt:

Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.:

+49-172-5638432

Mail:

meinolf.wacker@go4peace.eu

Homepage

www.go4peace.eu

Uwutanze, arunguka Who gives, wins!

Bakunzi ba go4peace,

Yari asanzwe yarashinze imizi neza mu kwemera kwiwe kw'Abayuda. Eka na ya mabwirizwa cumi yari ayazi neza. Kanatsinda yarayakurikiza. Ariko yagumana inzara ikomeye yamudurumbanya mu mutima - inzara yo gutora insiguro y'ubuzima bwiwe. Yari yarumvise ivyerekeye Yezu. Umusi uri izina uza washika aho bahura nawe. arahagarika vyose, amwuma amaguru mu nyuma. Arinamura aramupfukamira amusaba ati : „ Mwigisha mwiza, nokora iki ngo nze ntorane ubuzima?“ Aho Yezu amubaririyeye ivy'amabwirizwa, uyo utanze asubizayo ati : „ Ayo yose nayakurikije kuva mu buto bwanje.“ Yezu arumva koko ugushaka kw'uyo muntu. Yezu araheza aramwitegereza, aramugumbira amigira ati: „ Ikintu kimwe ni co usigaje: genda ugurisha ivyo ufise ubihe aboro, uzoronka itunga mw'ijuru; hanyuma uze unkuririkire!

Aho amariye kwumva ivyo, yarabuze ico avuga. Ivyo ari vyo vyose yarajorewe, kandi aca agenda ababaye. Ubwo butumire bwa Yezu bwo guheba vyose ngo amukurikire, bwiramugumiye rwose. Umutima wiwe wari umatiye cane ku buzima buryoshe, ku bagenzi, ku kuboneka neza no kw'itunga ryiwe. Ariko rero ntiwumve, ukwo guheba vyose agakurikira Yezu yari ingabire y'Imana aronse, imurutira ubuzima.

Umusi umwe hari umunyeshure akiri muto yambajije ati: „ Woba ufise akanya ukanyiregesha?“. Duca tuja mw'isengeru. Ahejeje kwirega ambaza ati:“ Hari akandi kanya ufise wompa?“ Duca turagumana. Aca atangura kunsigurira ibimwerekereye, - ivyerekeye amashure yiwe, ubuzima bwiwe, n'ingene abuze amahoro mu mutima wiwe. Buhoro buhora ndaheza ndamusiguzwa. Yari afise ikibazo co kwiyumvira ko kuba patiri yoba ari nzira yiwe . Nkabona amasozi atembera mu maso yiwe. Kukaba nkako, atoye iyi nzira, abwirizwa guheba vyinshi. Turaheza tuguma mu gacerere. Nawe ararira. Amaze igihe asubizayo ati : „ni uko nta kundi! Ndagushimiye ku mutima wawe wanyugurukiye!“ - Haciye imyaka, ni jewe nasiguye mu misa yiwe y'umukwanguro. Naravuze ivyerekeye inzira yiwe be n'ishaka yagize. Mu kwikebanurana umusi mukuru uheze, nihoyinamura ambwira ati : „ Sinashobora kwibaza na mba ko nshobora guhirwa gurtya!“ - **Uwutanze, arunguka! - Who gives, wins!**

Kubwa go4peace

Meinolf Wacker